

Wòl CGD nan pwogram viza H-2 a

Sant pou Devlopman Global (Center for Global Development-CGD) se yon òganizasyon endepandan ki pa la pou fè pwofi ki chita nan Washington DC ki fè yon etid ekonomik sou mannyè politik ameriken nan ka profite peyi ki sou wout developman yo. CGD te enfliyanse desizyon gouvènman ameriken an nan mwa Janvyè 2012 pou ajoute Ayiti nan lis peyi ki kalifye ki gen aksè ak pwogram viza tanporè H-2A (Agrikòl) ak H-2B (ki pa agrikòl) ki fèt pou travayè ki pa twò kalifye yo.

CGD sipòte mobilite mendèv la ak migrasyon travay kòm yon mwayen pou ankouraje relans ekonomik d Ayiti apre tranbleman tè a. Travayè ayisyen yo ki vini Ozetazini ak viza H-2 a ka fè lajan epi voye lajan lakay pou ede dirèkteman fanmi, kominote ayisyen ak ekonomi zile a an jeneral. Sa a pa koute anyen ak gouvènman ameriken.

Nan kòmansman chak ane sivil la, Depatman Sekirite Enteryè Ameriken (Department of Homeland Security) pran yon desizyon konsènan peyi ki ka patisipe nan pwogram viza a. CGD swete ke Ayiti rete sou lis la nan ankouraje itilizasyon viza a nan respè lalwa ak pratik yo ki konfòm ak etik travay. Sa pwal mande yon koperasyon ant reprezantan gouvènman ayisyen yo, rekritè prive yo, anbasad ameriken nan Pòtoprens ak patwon ameriken yo. Nan sans sa a, CGD vle jwe wòl sa yo:

- bay enfòmasyon ki klè sou jan pwogram nan fonksyone,
- Sèvi pon ant anplwayè ameriken ak rekritè local yo an Ayiti,
- Kreye lyen ant gouvènman ayisyen an ak lòt gouvènman nan rejyon an ki ka bay asistans teknik yo sou jesyon migrasyon,
- Ankouraje investisman sektè prive an Ayiti, men fòk gen anpil posibilite fòmasyon pou travayè yo nan sektè agrikilti, touristik ak,
- Idantifye pwogram ankourajman ki fasilite ayisyen ki gen viza H-2 a tounen lakay lè viza a fini tankou jan pwogram nan mande sa a, epi k ap ankouraje envestisman nan ekonomi ayisyen an.

Kòm yon òganizasyon non gouvènmantal, CGD pa resevwa okenn lajan pou aplike okenn pwogram nan non gouvènman an. Travay CGD a finanse gras ak fondasyon prive ki sipòte nouvo lide nan devlopman ekonomik. CGD pa gen okenn enfliyans sou desizyon Etazini ap pran konsènan moun li ap otorize pou antre lakay li. Se sèlman anbasad ameriken nan Pòtoprens ki gen pouvwa pou bay viza endividyèl.

CGD pa andose okenn rekritè oswa patwon patikilye men ap chache kominike ak tout anplwayè ameriken ki sèvi ak enfòmasyon pwogram sa a sou ki jan pou yo jwenn travayè ayisyen yo.

Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite sit entènèt nou an oswa ekri nou :

migration@cgdev.org